

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

1.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil analisis jeung pedaran data implikatur konvérsasi, polah ucap, katut hubungan antara implikatur konvérsasi jeung polah ucap dina novél *Babalik Pikir* karya Samsoedi, bisa dicindekeun saperti ieu di handap.

Tina hasil panalungtikan, kapaluruh aya 86 paguneman implikatur konvérsasi anu ngarempak prinsip gawé bareng. Sanggeus data dianalisis dumasar kana maksim prinsip gawé bareng nu dirempakna, data nu mibanda implikatur konvérsasi téh tuluy dianalisis dumasar kana fungsi polah ucap jeung hubungan antara implikatur konvérsasi jeung polah ucapna.

Implikatur konvérsasi nu kapanggih dina panalungtikan nyoko kana 4 maksim nyaéta maksim kuantitas, maksim kualitas, maksim kasaluyuan, jeung maksim cara. Minangka paguneman anu kontribusina ngaleuwih nu dipiharep ku pamiarsa, implikatur konvérsasi nu ngarempak maksim kuantitas jumlahna panglobana nyaéta aya 35 paguneman. Salian ti éta, kapanggih 27 paguneman ngarempak maksim kualitas, 12 paguneman ngarempak maksim kasaluyuan, jeung 12 paguneman ngarempak maksim cara.

Unggal implikatur konvérsasi tangtu aya nu ditepikeun ngaliwatan polah ucap. Polah ucap nu kapanggih dina panalungtikan nyoko kana fungsi polah ucap anu ngawengku polah ucap komisif, polah ucap impositif, polah ucap éksprésif, jeung polah ucap asertif.

Polah ucap komisif anu kapanggih tina hasil panalungtikan aya 21 data omongan. Ti 21 data, kapaluruh aya 4 polah ucap komisif jangji, 6 polah ucap komisif tawaran, 4 polah ucap komisif pananya, jeung 7 polah ucap komisif iber. Polah ucap komisif iber mangrupa polah ucap komisif nu pangréana kapanggih dina implikatur konvérsasi nu aya dina novél *Babalik Pikir* karya Samsoedi.

Polah ucap impositif anu kapanggih tina hasil panalungtikan aya 11 data omongan. Ti 11 data, kapaluruh aya 2 polah ucap impositif panitah, 1 polah ucap impositif panyaréék, 1 polah ucap impositif pangjurung, 2 polah ucap impositif pamaksa, 4 polah ucap impositif pangajak, jeung 1 polah ucap impositif panggeuri. Polah ucap impositif pangajak mangrupa polah ucap impositif anu

pangréana kapanggih dina implikatur konvérsasi nu aya dina novél *Babalik Pikir* karya Samsoedi.

Polah ucap éksprésif anu kapanggih tina hasil panalungtikan aya 53 data omongan. Tina 53 data, 8 polah ucap éksprésif kakagét, 23 polah ucap éksprésif kakeuheul, 2 polah ucap éksprésif pangharepan, 1 polah ucap éksprésif kukulutus, 4 polah ucap éksprésif kagumbira, 1 polah ucap éksprésif panyaré, 3 polah ucap éksprésif kanyeri, 1 polah ucap éksprésif mupuas, 2 polah ucap éksprésif kahariwang, 5 polah ucap éksprésif karumasaan, 2 polah ucap éksprésif kabingung, jeung 1 polah ucap éksprésif kakuciwa. Katitén yén polah ucap éksprésif kakeuheul mangrupa polah ucap éksprésif nu pangréana kapanggih dina implikatur konvérsasi dina novél *Babalik Pikir* karya Samsoedi.

Polah ucap anu pamungkas aya polah ucap asértif. Dumasar kana hasil panalungtikan aya 1 polah ucap asértif anu kapanggih dina implikatur konvérsasi nu aya dina novél *Babalik Pikir* karya Samsoedi.

Ditilik tina hubungan antara implikatur konvérsasi jeung polah ucap, kapanggih aya 13 pola hubungan antara implikatur konvérsasi jeung polah ucap anu ngawengku (1) hubungan antara maksim kuantitas jeung polah ucap komisif (9 data paguneman); (2) hubungan antara maksim kuantitas jeung polah ucap impositif (2 data paguneman); (3) hubungan antara maksim kuantitas jeung polah ucap éksprésif (23 data paguneman); (4) hubungan antara maksim kuantitas jeung polah ucap asértif (1 data paguneman); (5) hubungan antara maksim kualitas jeung polah ucap komisif (6 data paguneman); (6) hubungan antara maksim kualitas jeung polah ucap impositif (5 data paguneman); (7) hubungan antara maksim kualitas jeung polah ucap éksprésif (16 data paguneman); (8) hubungan antara maksim kasaluyuan jeung polah ucap komisif (4 data paguneman); (9) hubungan antara maksim kasaluyuan jeung polah ucap impositif (2 data paguneman); (10) hubungan antara maksim kasaluyuan jeung polah ucap éksprésif (6 data paguneman); (11) hubungan antara maksim cara jeung polah ucap komisif (2 data paguneman); (12) hubungan antara maksim cara jeung polah ucap impositif (2 data paguneman); jeung (13) hubungan antara maksim cara jeung polah ucap éksprésif (8 data paguneman).

Dumasar kana hasil panalungtikan hubungan antara implikatur konvérsasi jeung polah ucap, katitén yén implikatur konvérsasi nu aya dina novél *Babalik Pikir* karya Samsodi réa anu ngarempak maksim kuantitas anu patali jeung kedalna polah ucap éksprésif. Ari nu pang saeutikna nyaéta implikatur nu ngarempak maksim kuantitas anu aya patali jeung polah ucap asértif.

1.2 Implikasi

Sabada nganalisis implikatur konvérsasi, polah ucap, katut patali antara implikatur jeung polah ucap dina novél *Babalik Pikir* karya Samsodi, hasil panalungtikan anu kapanggih bisa ngeuyeuban pangaweruh ngeunaan pragmatik dina karya sastra novél. Salian ti éta, pikeun ngeuyeuban pangaweruh ngeunaan implikatur konvérsasi jeung polah ucap nu aya dina komunikasi basa, sarta bisa maham kana hubungan antara implikatur konvérsasi jeung polah ucap. Anu satuluyna sangkan pamaké basa maham kana faktor anu ngabalukarkeun ayana implikatur konvérsasi anu jadi cukang lantaran ayana kasalahpahaman nalika komunikasi basa.

5.3 Rékoméndasi

Sabada dilakukeun panalungtikan, aya sababaraha rékoméndasi anu baris ditepikeun saperti ieu di handap.

Kahiji, dina ieu panalungtikan saukur nalungtik ngeunaan implikatur konvérsasi jeung polah ucap katut hubungan antara implikatur konvérsasi jeung polah ucap tanpa matalikeun jeung pangajaran. Ku kituna, masih perlu diayakeun panalungtikan implikatur konvérsasi jeung polah ucap séjénna anu dipatalikeun jeung pangajaran.

Kadua, sumber data nu dipaké dina ieu panalungtikan téh mibanda paguneman anu kawilang saeutik. Ku kituna, perlu diayakeun panalungtikan séjén anu ngagunakeun sumber data anu leuwih réa pagunemanana sangkan implikatur jeung polah ucapna leuwih réa deui rupana.